**MEDICINALÍQ XIMIYA KAFEDRASÍ**



Mamutov Janabay Iskenderovich (1950-2001jj.)



Aytmambetov Allambergen (1953-2010 jj)

Biologiya ilimleri kafedrası dáslep 1990-jılı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń medicina fakultetinde shólkemlestirilgen. Usı jılları kafedrada tómendegi professor-oqıtıwshılar sabaq berdi: b.i.k. Qarabekov M., t.f.n. Ismaylov M., k.x.n. Ibragimov K.

1991-jılı 1-oktyabrde TashPMI Qaraqalpaqstan filialı ashılıp, "Medicinalıq biologiya hám organikalıq ximiya" kafedrası shólkemlestirildi. Kafedra baslıǵı, m.i.d., professor Mamutov J.I. Kafedrada tómendegi professor-oqıtıwshılar sabaq bergen: k.i.k. Qunnazarov R., k.x.n. Tlegenov R., assistentler: Kallieva T., Meldebekova S., Xojambergenov K., Nurpolatova S., Matkarimova A., Xojabekova L., Eshimbetova L.

2001-2010-jılları kafedra baslıǵı, k.i.d. Aytmambetov A.

2006-2007-oqiw jılı Filial ilimiy keńesiniń qararı menen kafedra qayta shólkemlestirilip, "Uliwma ximiya, bioximiya hám laboratoriya jumısları" kafedrası dep ataldı.

2009-2010-oqiw jılı Filial ilimiy keńesiniń qararı menen kafedra qayta shólkemlestirilip, "Uliwma ximiya, bioximiya hám normal fiziologiya" kafedrası dep ataldı. Kafedra baslıǵı x.i.d. Aytmambetov A.

2010-2017-jılları kafedra baslıǵı, k.i.k. S.U. Meldebekova.

2010-2011-oqıw jılında kafedra "Jıldıń eń jaqsı kafedrası" nominaciyası menen sıylıqlandı hám kompyuter menen xoshametlendi.

2017-2020-jılları kafedra baslıǵı Xojambergenov K.M.

2020-2021-jılları kafedra baslıǵı, k.i.k. Meldebekova S.U.

2021-2024-jılları kafedra baslıǵı Xojambergenov K.M.

2024-jıldan házirgi kúnge shekem kafedra baslıǵı, k.i.k., docent Meldebekova S.U.

Kafedrada házirgi kúnde k.i.k., docent Meldebekova S.U., aǵa oqıtıwshı Bekmanova G., assistentler Sultanova Sh., Uteniyazov B., Qurbanova G., Saginova J., stajyor-assistent G.Kadirova, O.Kadirbaev, k.i.k., docent B.Bektursınov, m.i.d., docent Muxamedova N. Sabaq bermekte.

Kafedrada "Medicinalıq ximiya," "Biologiyalıq ximiya," "Anorganikalıq ximiya," "Organikalıq ximiya," "Analitikalıq ximiya," "Fizikalıq-kolloid ximiya," "Medicinalıq bioximiya" pánleri boyınsha 1-2-3-4-kurs studentleri bilim aladı.

Kafedra xızmetkerleri tárepinen hár jılı úsh tildegi lekciyalar, oqıtıwshı hám qadaǵalawshı testler, jaǵdaylıq máseleler, elektron sabaqlıqlar hám oqıw-metodikalıq kompleksler banki jańa maǵlıwmatlar menen tolıqtırılıp barılmaqta, kórgizbeli qurallardıń zamanagóy toplamları jaratılǵan, videofilmler bar.

Pánler boyınsha studentler hám oqıtıwshılar ushın metodikalıq qollanbalar tayarlawǵa úlken itibar qaratılmaqta. Kompyuter bazası jaratıldı. Kafedra xızmetkerleri turaqlı túrde qánigeligin arttırıw kurslarında bilim hám kónlikpelerin jetilistirip barmaqta, sonday-aq, túrli konferenciyalarda qatnaspaqta.

Kafedra xızmetkerleri tárepinen qaraqalpaq tilinde "Bioximiya tiykarları" atlı sabaqlıq basıp shıǵarıldı. J.I.Mamutov. 2003-j. Oqiw qollanba - "Geterociklik birikpeler ximiyası" avt. A.Aytmambetov hám basqalar, Metodikalıq qollanbalar "Biologiyalıq ximiya boyınsha laboratoriyalıq ámeliy shınıǵıwlardıń metodikalıq qollanbası" avt. A.Aytmambetov hám basqalar. 2003, "Ximiyadan 1000 test" I, II bólim 2022-j., "V gruppa Mn+2, Fe+3, Bi+3 kationlarınıń analitikalıq reakciyaları" avt. Sh.Sultanova hám basqalar. 2021-jıl, "Organikalıq ximiyadan laboratoriyalıq jumıslar" avt. B.Uteniyazov i dr. 2021 g., "Sırt hádiyseleri hám adsorbciya" avt. Bekmanova i dr. 2021 g., "I A gruppa elementleri" avt. G.Bekmanova hám basqalar. 2021-jıl, "Kolloid-dispers sistemalar kolloid bóleksheler" avt. G.Bekmanova hám basqalar.

2025-jil "Uglevodlar" oqiw qollanbası avt. S.Meldebekova, K.Xojambergenov,

G. Bekmanova, Sh.Sultanova.  150 den aslam ilimiy miynetleri basıp shıǵarılǵan.